**दिन—सोमवार** **दिनांक—13.04.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी जनौलनि अछि जे लोकतंत्र मे महिला आरक्षण, बेसी जरूरी अछि। नव दिल्ली मे आइ नारी शक्ति वंदन सम्मेलन के संबोधित करैत श्री मोदी जनौलनि जे महिला सभक भागीदारी लोकतंत्र के मजगूत करैत अछि। ओ जनौलनि जे महिला लोकनिक देशक विकास मे अतुलनिय योगदान अछि। श्री मोदी जनौलनि जे भारत एकैसम सदी मे महिला शक्तिकरण के समर्पित एक पैघ निर्णय लेबय जा रहल अछि। ओ जनौलनि जे संसद नव इतिहास रचय जा रहल अछि, जाहि मे भूत आओर भविष्यक महत्वाकांक्षा के पूरा कयल जायत। प्रधानमंत्री मोदी जनौलनि जे राज्य विधानसभा सँ लऽकऽ संसद धरि कतेको दशक सँ भेल विलंबक, सोलक, सतरह आओर अठारह अप्रैल कऽ अंत होयत। महिला आओर बाल विकास मंत्री अन्नपूर्णा देवी जनौलनि जे नारी शक्ति वंदन अधिनियम, महिला सशक्तिकरण, आत्मसम्मान आओर लोतांत्रिक भागीदारी के सुनिश्चित करैत अछि। ओ जनौलनि जे आइ देशक बेटी सभ राष्ट्रक विकासक पथक ध्वज वाहक बनि रहल छथि। ओ जनौलनि जे वर्ष दू हजार सैंतालीस धरि विकसित भारतक अवधारणा, महिलाक सशक्तिकरणक माध्यम सँ पूरा होयत।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अध्यक्षता मे राज्य कैबिनेटक बैसार काल्हि होयत। कैबिनेट विभागक अपर सचिव अखिलेश कुमार सिंह एहि लेल चिट्ठी जारी कऽ जनौलनि जे बैसक पटनाक मुख्य सचिवालय मे भोर एगारह बजे सँ होयत। एम्हर, राज्य मे नव सरकारक गठन लेल गहमा—गहमी बढ़ि गेल अछि। भाजपा विधायक दलक बैसक काल्हि बजाओल गेल अछि। बैसार मे दलक नेताक चुनाव कयल जायत। पार्टी, वरिष्ठ नेता आओर केन्द्रीय मंत्री शिवराज सिंह चौहान के विधायक दलक नेताक चुनाव लेल केन्द्रीय पर्यवेक्षक बनौलक अछि। श्री सिंह जनौलनि जे देल गेल काजक जिम्मेदारी सँ निर्वहन कयल जायत। ओतहि, जदयूक वरिष्ठ नेता आओर संसदीय कार्य मंत्री विजय कुमार चौधरी जनौलनि जे भाजपाक अनुसंशा पर एनडीए विधायक दलक नव नेता चुनल जायत। श्री चौधरी स्पष्ट कयलनि जे एनडीए विधायक दलक नेता मुख्यमंत्री होयताह।

---

सरकार घर लेल एलपीजी सिलेंडरक आपूर्ति बढ़ियां सँ कऽ रहल अछि। पेट्रोलियम आ प्राकृतिक गैस मंत्रालयक संयुक्त सचिव सुजाता शर्मा नव दिल्ली मे जनौलनि जे देश भरि मे घरेलू एलपीजी सिलेंडरक आपूर्ति सामान्य अछि। ओ जनौलनि जे हेरा–फेरी रोकबाक लेल ओटीपी सँ घेरलू एलपीजी सिलेंडर देल जा रहल अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सारण जिला मे बाकरपुर– माणिकपुर फोर लेन सड़क निर्माण काज के जा कऽ देलखनि। एहि बिच ओ जेपी सेतुक समानांतर बनि रहल पूलक सेहो जायजा लेलनि।

---

महान गायिका आशा भोसलेक अंतिम संस्कार आइ मुंबईक शिवाजी पार्क मे राष्ट्रीय सम्मान संग कयल गेल। एहि सँ पहिने हुनक पार्थिव शरीर अंतिम दर्शन लेल मुंबईक लोअर परेलक कासा ग्रांडक हुनक आवास पर राखल गेल छल। ओ बिरानवे बरखक छलिह। फिल्म, राजनीति आओर खेल जगत सँ जुड़ल लोक सभ सहित आनो–आन गणमान्य लोक सभ हुनका श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। हुनक लहास तिरंगा मे लपेटि कऽ अंतिम दर्शन लेल राखल गेल छल। हुनक निधन काल्हि भेल छलनि। जेनाकि, अपने के बूझल अछि जे काल्हि हुनक निधन भेल रहल।

---

पश्चिम चंपरण जिलाक रामनगर मे डाकघर पासपोर्ट सेवा केन्द्रक शुभारंभ भेल। वाल्मीकिनगर सांसद सुनील कुमार आओर आइ.एफ.एस सचिव प्रिया रंगनाथन संयुक्त रूप सँ पासपोर्ट सेवा केन्द्रक उद्घाटन कयलनि। आइ पहिल दिन पैंतीस पासपोर्ट आवेदन भेटल। ई पोस्ट ऑफिस पासपोर्ट सेवा केन्द्र भारत मे चारि सय चौबनम आओर बिहारक अड़तीसम अछि। एहि सेवा केन्द्र मे हरेक दिन पैंतालीस पासपोर्ट स्लौट रहत।

---

छात्र राजदक नाम बदलि कऽ सोशलिस्ट स्टुडेंट्स एसोशिएसन ऑफ डंडिया कऽ देल गेल अछि। राष्ट्रीय जनता दलक राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष तेजस्वी यादव छात्र संगठनक नाम मे बदलिक घोषणा कयलनि अछि।

———————————————————————————

मधेपुरा जिलाक शंकरपुर प्रखंडक मौजमा गामक रूपेश कुमार आइ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सँ सोझे संवाद कयलनि। भूपेन्द्र नारायाण मंडल विश्वविद्यायल सँ एमएड पढ़ाई कऽ रहल रूपेशक चयन **माई भारत बजट क्वेस्ट** दू हजार छब्बीसक फाइनल राउंड लेल भेल छलनि।

———————————————————————————

अररिया जिलाक महलगांव थाना क्षेत्र सँ पुलिस नामी–गिरामी अपराधी मोहम्मद डेविड उर्फ मोहम्मद गुलाब उर्फ लालू के गिरफ्तारक कयलक अछि। हुनका पर जिलाक कतेको थाना मे कतेको केस दर्ज अछि।

मधुबनी जिलाक जयनगर थाना पुलिस कमला नदीक पश्चिमी तटबान्ह पर वाहन चेकिंग अभियानक बिच चौदह प्वांट चारि–चारि ग्राम ब्राउन सुगरक संग दू व्यक्ति के गिरफ्तार कयक अछि।

दरभंगा जिलाक विश्वविद्यालय थाना क्षेत्रक एक घर मे रसोईगैस सिलेंडरक विस्फोट सँ एक महिला सहित तीन लोकक मृत्यु भऽ गेलनि। आगि बुझेबाक बिच जिलाक अग्निशमन पदाधिकारी सहित चारि लोक झरकि गेलाह।

———————————————————————————

समाप्त